# QARAQALPAQSTANDA BALALAR GAZETASÍNÍŃ PAYDA BOLÍWÍ

**Kudaybergenov M.**
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

Qaraqalpaqstanda balalar hám jas óspirimler baspasóziniń qáliplesiwi hám rawajlanıwı basqa rawajlanǵan ellerge qaraǵanda biraz keyin ámelge astı. Yaǵnıy, bul baǵdardaǵı basılımlar respublikamızdaǵı birinshi basılımlardan esaplanǵan "Erkin Qaraqalpaqstan" hám "Vesti Karakalpakstana" gazetalarınıń negizinde júzege keldi desek boladı.

Túrkistan Respublikası Ámiwdárya bólimi úlkedegi dáslepki kúndelikli basılım 1919-jıldıń iyun ayında Ámiwdárya bólimi Atqarıw komitetiniń organı esaplanǵan "Izvestiya" gazetası bolıp shólkemlestiriledi hám onda dáslepkilerden bolıp I.Brikman, I.Kosyanenko, P.Baranovskiyler ózleriniń publicistikalıq materialları menen qatnastı [1]. Al, sońınan yaǵnıy 1921-jıldıń sentyabrinde Ámiwdárya wálayatlıq atqarıw komitetiniń qararı tiykarında Tórtkúl qalasında "Krasnıy Amudarinec" atamasında gazeta shólkemlestiriledi hám onıń ataması 1922-jılı "Amudarinskaya jizn" bolıp ózgeredi [2]. Joqarıda atları atalǵan basılım respublika baspasóziniń tırnaǵın saldı hám bul basılım házirgi kúnde respublikamızda rus tilinde shıǵatuǵın "Vesti Karakalpakstana" gazetasınıń tiykarın quradı.

Usı orında balalarǵa arnalǵan baspasóz qashan payda bolǵanı hám onıń rawajlanıw basqıshları qalay ámelge asqanı jóninde toqtap ótsek. Taraw ilimpazları balalar baspasóziniń qáliplesiw basqıshların anıqlaw boyınsha ilimde hár túrli kózqaraslar bar ekenin atap ótedi. Solardan O.A.Petrova balalar basılımınıń rawajlanıw basqıshların dáwirlestiriwdi balalarǵa arnalǵan basılımlar jarıq kórgennen baslaw kerek degen pikirdi alǵa súredi. Al, jas ilimpaz Volodina bolsa, úlkenlerdiń kishkenelerge qatnasınıń ózgeriwin rawajlanıw basqıshlarınıń ólshemi etip alıw lazımlıǵın aytadı.

Biz bunıń birinshisin tańlawdı maqul kóremiz, sebebi respublikada balalar hám jas óspirimler baspasózi Rossiyadaǵı sıyaqlı uzaq dáwirlerdi óz ishine qamtıp almaydı. Házirgi kúnge kelip 90 jıldan aslam tariyxqa iye. Onıń ústine, jas baspasózdiń ráńbá-reńligin belgileytuǵın balalar hám jas óspirimler ushın shıǵarılatuǵın túrli basılımlar tuwralı aytıw da artıqsha. Álbette, respublikamızda da balalar turmısın qamtıǵan jurnal hám gazeta shıǵarıw jumısları biraz waqıt kún tártibinde boldı hám basıp shıǵarıldı. Degen menen, bul basılımlardıń búgingi kúnde kórinbey qalǵanlıǵı, sonıń menen birge basılımlardıń sanawlı jıllar ishinde ǵana jarıq kórgenin esapqa alsaq, olardıń rawajlanıw basqıshları tuwralı aytıwdıń ózi artıqsha ekenligi kózge taslanadı. Rawajlanıw basqıshları, dáwirlestiriw ushın bolsa bir neshe on jıllıqlar zárúrligi hámmege belgili.

Jas óspirimlerdiń oqıwǵa bolǵan ıqlasın oyatıwda gazeta hám jurnallardıń ornı áhmiyetli orındı iyeleydi. Balalardı kishkene payıtınan baslap oqıwǵa tárbiyalawda baspasózdiń áhmiyeti úlken [3]. 1940-jılları massalıq televidenieniń payda bolmasınan aldın adamlarǵa radio menen baslımdı tańlaw erkinligi berilgende, ruwxıy hám mádeniy tárepinen joqarı bolıw ushın esitkennen góre oqıǵandı abzal tapqan, - deydi ǵalaba kommunikatsiya tarawın izertlegen belgili amerikalı ilimpaz P.Lazarsfeld [4]. Qaraqalpaqstanda da usı jılları jas óspirimlerdiń ruwxıy dúnya qarasların keńeytiwge bir qansha ilajlar kórilgenininiń gúwası bolamız.

Qaraqalpaqstan balaları hám jas óspirimleriniń gazetası «Jetkinshek» 1932-jılı 20-yanvarda jarıq kórildi. Onıń dáslepki sanı 1550 nusqada latın grafikasında 10 kúnde bir márte Tórtkul qalasında shıǵarılıp turdı. «Jetkinshek» qaraqalpaq balaları menen jas óspirimlerdiń eń jaqın dostı, sırlası, olardıń dúnyaǵa durıs kóz qarasın qáliplestiretuǵın turmıs aynasına aylandı. Dáslepki sanı latın grafikasında shıǵarılǵan bul baslım ǵárezsizlikten sońda jáiya etilip atırǵan birde-bir latın imlasında dáwir napesi menen teń qádem atıp kiyatırǵan gazetalardan esaplanadı.

Gazetanıń dáslepki redaktorı Maqsud Yakubov boldı. Redaktsiya shtatı boyınsha altı xızmetker jumıs alıp barǵan. Dáslepki sanına Ismayl Sultanov vyorstka islegen. 1932-jıldıń aqırında M.Yakubov basqa lawazımǵa shaqırılıwına baylanıslı sol waqıtta gazetanıń juwaplı xatkeri bolıp islep atırǵan Nawrız Japaqov redaktor bolıp tayınlanadı. 1933-jılǵa kelip gazeta ayına bes márte 5000 nusqada basılıp shıǵarılǵan [5].

Gazetanıń sol jıllardaǵı sanların kóretin bolsaq, oqıwshılar sabaqtan bos waqıtlarında ata-analarına jaqınnan járdem berip atırǵanlıǵın úgit-násiyatlap, tómen oqıytın jalqaw oqıwshılardı sınǵa alıp jazılǵan maqalalardı kóremiz. Xabarshılar ózleriniń jazǵan maqalalarınıń izine «Kórgen», «Anıǵına kelgen», «Kolxozshı» hám taǵı basqa laqaplardı qoyǵan. Bul laqaplar redaktsiya tárepinen sır saqlanǵan. Usı jılları gazetaǵa Seyfulǵabit Majitov, Jolmurza Aymurzaev, Nájim Dáwqaraev, Asan Begimov, Dáli Nazbergenov, Qallı Ayımbetov, Tájiaxmet Seytmamutovlar óz qosıq, gúrriń, awdarma, maqalaların jazıp redaktsiyanıń belsendi xabarshıları bolıp turǵan.

Gazetaǵa 1935-jılları Xojamurat Tájimuratov, 1940-jılı Sapar Qurbanov redaktorlıq etken. Olar ózleriniń jaslıq jigerin ayamay gazetanıń jaqsı bolıp shıǵıwına háreket etken. Bul dáwirlerde redaktsiyada Joldasbay Seytnazarov, Rustem Qasimov, Sarsen Qurbaniyazov, Ismayıl Sultanov, Jumat Xabibullaevlar jumıs islegen. 1941-jıl ekinshi jer júzlik urıs dáwirinde «Jetkinshek» waqıtsha shıǵıwın toqtatıp turǵan. Soń 1958-jıl 1-yanvardan baslap onmıń nusqada qaytaldan shıǵa baslaǵan. Redaktorı bolıp belgili jazıwshı Ádenbay Tájimuratov bektiledi. Usı jılları radaktsiyada jurnalist, shayır Saǵıydulla Abbazov, Ábdirazaq Amanov, jazıwshı Gulaysha Esemuratovalar xızmet atqarıp, ózleriniń jurnalistlik uqıpların, intası menen gazeta oqıwshılarınıń kewillerinen orın alǵan. 1960-jıllarǵa kelip redaktsiyaǵa qánigeli juralistler menen tolısıp bardı. Perida Ábdiramanova, Perdegúl Edenbaeva, Ábdimurat Atajanov, Gulnara Nurlepesova, Abdulla Embergenov, búgingi kúni gazetaǵa Zuxra Isakova redaktorlıq etpekte.

Bul endi gazetanıń ulıwma tariyxı. Al, onıń rawajlanıw basqıshların qalay belgilewge boladı. Álbette, biz bul jerde bir neshe on jıllıqlardı óz ishine alatuǵın dáwirlestiriw jolınan barıwdı maqul tappadıq. Gazetanıń rawajlanıw basqıshların bulay etip belgilew, bizińshe tuwrı kelmeydi dep oylaymız. Sebebi, joqarıda aytqanımızday jası úlkenlerdiń balalarǵa qatnası ózgergen sayın gazetanıń mazmunı, baǵdarı, pikirlewi de ózgerip barǵanın kóriwimizge boladı. Onıń ústine,

elimizdegi túpkilikli ózgerisler, reformalar da gazetaǵa óz tańbasın taslap ketkenin aytıp ótiwimiz orınlı. Sonday-aq, hárqanday basılım sıyaqlı balalar hám jas óspirimler gazetası "Jetkinshek" te waqtında ústemlik etiwshi ideologiya sheńberinde bolǵan, sonıń tásiri astında jasaǵan. Tariyx betlerine názer salsaq, elimizde keńes húkimeti dáwirinde bir ózgermes ideologiya bolsa da, onıń baǵdarı bılay-bılay jıljıp turǵan. Bular bolsa balalar tárbiyasında óziniń kórinisin tapqan. Sonıń ushın biz Qaraqalpaqstan balalar hám jas óspirimler baspasóziniń rawajlanıw basqıshların tómendegishe 4 basqıshqa bóldik:

1. 1932-jıldan ekinshi dúnya júzilik urısqa shekemgi dáwir. (Gazetanıń ayaqqa turıw dáwiri).

2. 1958–1970-jıllar. (Basılımnıń gazeta sıpatında qáliplesiw, jańa tolqın jurnalistler menen tolısıw, eń tiykarǵısı balalardıń júregine jol tabıw jılları).

3. 1970–1990-jıllar. (Balalar gazetasınıń gúllegen, mıńlaǵan xat alıp, oqıwshılar menen tıǵız baylanıs jasaǵan jılları).

4. 1990-jıldan házirgi kúnge shekem. (Balalar hám jas óspirimler basılımlarınıń jańa dáwir, jańa zaman baǵdarında shıǵarılıw, balalar tárbiyasında óz ornı hám abırayına iye bolıw dáwirleri).

Birinshi qáliplesiw dáwiri álbette, respublikamızdaǵı tuńǵısh balalar gazetasınıń (gazeta 1990-jıllardan baslap balalar hám jas óspirimler gazetasına aylandırılǵan) payda bolıwına sol dáwirdegi waqıyalar da tiykarǵı sebep bolıp xızmet etti. Yaǵnıy, burınǵı awqamda 1922-jılı pioner shólkemi dúziledi hám bul shólkem balalardı Watanǵa sadıq insanlar etip tárbiyalaw, sol dáwirdiń ideologiyasına qanıp ósiwi ushın bar kúshin saldı. Burınǵı awqamnıń respublikaları, qala hám rayonları, mekteplerde dúzilgen pioner shólkemleri jas áwladtı tárbiyalaw jumısına jegilgen edi. Tárbiya bolsa jalǵız mektep penen shegaralanıp qalsa, tásir kúshi kemeyedi. Sonlıqtan, basqa respublikalar sıyaqlı Qaraqalpaqstanda da pioner shólkeminiń basılımı "Jetkinshek" shıǵarıla baslaydı.

Álbette, gazetanıń betlerinde sol dáwir kósemleri, olardıń ómiri, jetiskenlikleri, tabısları tuwralı kóbirek sóz etile baslaydı. Sebebi, jas áwladtıń kóz aldında kósemlerdi ideal etip kórsetiw arqalı olarda Watanǵa sadıqlıqtı qáliplestiriw maqset etildi. Sonday-aq, gazeta betlerinde mektep, pioner shólkemi turmısı keń sáwlelendirilip barılǵan. Basılımǵa Oraylıq komsomol komiteti shólkemlestiriwshilik etken.

Bara-bara gazeta oqıwshılar menen "erkin" sóylesetuǵın, olardıń pikirlerin húrmet etetuǵın hám bunı ereseklerge kórsetetuǵın jalǵız organǵa aylandı. Basılımda kóbirek balalar menen qarım-qatnasqa úlken itibar qaratılǵan. Balalar menen xat arqalı, balalardıń pikirlerine qulaq túrilip, onı úlkenlerge jetkeriw gazetanıń tiykarǵı wazıypalarınan birine aylandırılǵan. Bizińshe, bul tendenciya búgingi kún ushın da jat emes. Sebebi, jas áwladtıń pikirlerin, oyların bilmey turıp, olardıń tárbiyası menen shıntlap shuǵıllanıw múmkin emes.

1930-jıllarǵa kelip pioner gazetalarınıń strukturalıq modeli qáliplesti: gazetanıń kópshilik bólegin jámiyetlik-siyasiy informaciya, waqıya hám hádiyseler tuwralı gúrrińler qamtıǵan; balalar turmısı; ilimiy-ǵalabalıq bólimi. Ózine tán ózgesheliklerinen biri ǵalaba shólkemlestiriw jumısları sanalǵan: pioner gazetası  jámiyetlik, sport hám basqa da háreketlerdi shólkemlestiriwshi bolǵan" [6]. 1958–1970-jıllar aralıǵında gazetanıń tili, jolı hám baǵdarı qáliplese baslaydı. Basılımda isleytuǵın jurnalistlerdiń óz stili, jolı payda boladı. Usı dáwirlerge kelip "Jetkinshek"te kóbirek proza hám poeziyalıq shıǵarmalarǵa keń orın berile baslaydı, sebebi, oqıwshılar qáwiminiń artıwı menen olardıń talapları da ósip baradı. Gazeta pioner shólkeminiń organı retinde shólkem háreketiniń koordinatorı, shólkemlestiriwshisine aylanadı. Oqıwshılar menen islesiwdiń jańasha forma hám usılları payda boladı.  Birge islesiw ushın jazıwshı-shayır, ilimpaz hám jurnalistlerdi tarta baslaydı. Kishkene jurnalistler sanı artadı.

Gazetada bólimler payda boladı: Mektep turmısı, ilim hám texnika, ádebiyat, mádeniyat hám sport. Hárbir bólimde jurnalistler sol taraw boyınsha materiallar tayarlawdı baslaydı. Balalardı sportqa, kásipke baǵdarlaw, olardı mektepler turmısı menen tanıstırıp barıw, túrli jarıslarǵa tartıw jumısları qolǵa alınadı. Orınlardan tayarlanǵan materiallar qunı artıp, maqalalardıń mazmunı hám sapası artadı.

Gazeta usı jıllarda oqıwshılar menen baylanıstı bekkemlew maqsetinde oqıwshılar xatları menen islesiwdi jolǵa qoyadı. Balalardıń jazǵan hárqanday ótinish hám tilekleri esapqa alınıp, maqalaları tayarlanadı. Ayırım gazetaǵa óziniń maqala hám súwretlemeleri menen qatnasqan oqıwshılardıń ómirbayanların beriw jolǵa qoyıladı. Bazı oqıwshılardı rayonlarǵa izlep baradı hám olarǵa "Húrmet jarlıq"ları tapsırıladı. Eń issheń qatnasqanlar bolsa joqarı sıylıq burınǵı awqamdaǵı eń aldıńǵı pioner lageri – "Artek"ke jollama tapsırıw úrdiske aylanadı. Mısalı, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Jazıwshılar awqamı aǵzası, shayır Sharapatdin Ayapovqa da usınday jollama berilgen. Gazetanıń janrları ráńbá-reńligi artqan. Ulıwma alǵanda, gazeta mámlekettiń balalardı tárbiyalawdaǵı tiykarǵı qurallarınıń birine aylandı. Nátiyjede gazetanıń tirajı jıldan-jılǵa artıp, oqıwshıları menen tıǵız baylanıs ornatıladı.

Keyingi rawajlanıw basqıshın 1970–1990-jıllar quraydı. Bul dáwirdi haqıyqatında da respublikamızdaǵı jalǵız "Jetkinshek" gazetası emes, al, barlıq respublikalıq hám rayonlıq gazetalardıń gúllengen dáwiri dewge tiykar bar. Sebebi, usı jıllar aralıǵında respublikamızdaǵı gazeta-jurnallardıń sanları jıldan-jılǵa artıp, auditoriyası keńeyip barǵan. Házirgi "Erkin Qaraqalpaqstan" 60 mıńnan aslam tirajda basılǵan bolsa, "Ámiwdárya" jurnalı 30 mıńǵa shamalas, al "Jetkinshek" gazetası oqıwshıları sanı 40 mıńnan ótken. Álbette, gazeta-jurnallardıń tirajınıń artıwında jurnalistler jámáátiniń ónimli miyneti jatadı. Mısalı, usı jıllar aralıǵında "Jetkinshek" gazetasında kishkene oqıwshılar ushın jańadan-jańa rubrikalar ashıla basladı. Olardan joqarı klass oqıwshıları ushın "Jelqom", "Ańqaw keskir", "Miyras", "Bárin bilgim keledi" hám basqa da oqıwshılar qáwimin ózine tartqan rubrikalar payda boldı. Sol jıllar aralıǵında gazeta tirajı artıp qoymastan, oqıwshılar menen baylanıs ta ádewir alǵa ilgerileydi. "Jetkinshek" gazetasına 1970–1990-jıllar aralıǵında 10 mıńnan aslam xat kelip turǵan. Nátiyjede 1980-jıllarǵa kelip óz aldına xatlar bólimi ashılǵan. Sonday-aq, bólimge bólim baslıǵı bekitilip, sol dáwirdegi talap 10 mıńnan aslam xat alǵanı ushın jańadan xat ótkeriwshi shtatı engizilgen.

Álbette, xatlardıń barlıǵı da oqıwshılardıń maqalaları yaki bolmasa qosıq hám gúrrińlerinen ibarat bolmaǵan. Gazetada izbe-iz krossvord, skanvord hám klublardıń islewi xatlar aǵımınıń artıwına tiykar jaratqan. Onıń ústine, gazetanıń oqıwshılar xatları menen islesiw jolı da payda bolǵan. Yaǵnıy hárqanday xat juwapsız qalmaǵan. Xatlar bóliminen ótkerilgen xat bólimlerge tapsırılıp, juwmaǵı boyınsha hápte sayın esabat tapsırılǵan. Sonıń menen birge, gazeta qulashın keńnen jaya baslaǵan. Burıngıday rayonlardan xat alıp, yaki bolmasa xabarshılar tayarlaǵan maqalalar menen baylanıs qurıw menen sheklenip qalmaǵan. Redakciya xızmetkerleri Nókis qalası hám rayonlardaǵı mekteplerde bolıp, kesheler shólkemlestirgen. Oqıwshılar menen ushırasqan, olardıń oyları, gazeta boyınsha pikirleri tıńlanǵan hám ótinishlerin esapqa alıp barǵan.

Ǵárezsizlik jıllarınan baslap «Jetkinshek» gazetası mámleketimizdiń jas áwladlar haqqındaǵı mámleketlik siyasatın, jańasha turmıs hám bilimlendiriw salasındaǵı jańasha reformalardı jaratıw menen bir qatarda jańa dáwir perzentlerin tárbiyalaw jolında zaman menen birge qádem tasladı. Balalarımızdıń Watansúyiwshilik, adamgershilik printsiplerine sadıq etip tárbiyalaw boyınsha jańa is-ilajlar islep shıǵılıp, redaktsiya jámááti talanlı jurnalistler menen tolıstı. 2004-jıldan baslap A-3 formatında 8 bet kólemine keńeytirildi. Nátiyjede, hár jılı 4-5 mıńnan aslam xat jollaytın oqıwshılardıń xatlarınan paydalanıw imkaniyatı keńeydi [7]. Sonıń menen birge gazeta óz sayıtın jaratıp oqıwshılarǵa keń imkaniyat jarattı. Degen menen internet – baslımlardıń ornın tolıq iyeley almaydı.

Respulikamızda «Qarlıǵash» balalar ádebiy jurnalı Qaraqalpaqstan Respublikası Baspasóz hám xabar agentliginde 2010-jıl 10-dekabrde 01-016-sanlı gúwalıǵı menen dizimge alınǵannan keyin onıń birinshi sanı 2011-jılı yanvar ayınan baslap jarıq kórildi. Jurnal Qaraqalpaqstan Respublikası Jazıwshılar awqamı janınan shólkemlestirilip, dáslepki redaktorı hám jurnaldıń payda bolıwına salmaqlı úlesin qosqan belgili jazıwshı Gulaysha Esemuratova bolıp esaplanadı. Jurnalda tiykarınan balalardıń dóretpeleri, gúrrıń, qosıq, hár qıylı waqıyalarǵa arnap salǵan súwretler orın almaqta.

2015-jıl 25-aprel ayınan baslap «Balalarǵa beriń dúnyanı!» uranı menen «Qońıraw» gazetası shıǵarıldı. Gazetanıń shólkemlestiriwshisi «Ustaz jolı gazetası» juwapkershiligi sheklengen jámiyet bolıp esaplanadı. «Ustaz jolı» gazetası janınan shıǵarılıp atırǵan bul balar hám jas óspirimler baslımına Gúljahán Tajetdinova, Qaljanbay Qutlımuratovlar redaktorlıq etip kelmekte. Gazeta A-4 formatında 14 bet kóleminde ayına eki márte shıǵarıladı. «Qońıraw»dıń jáne bir abzallıǵınıń biri, ol ózbek hám qaraqalpaq tillerinde derlik bárshe betlerinde oqıwshılardıń ózleriniń qálemine tiyisli dóretpeleri orın alǵan.

Biraq bul eki baslımnıń da oqıwshılar auditoriyası tómen bolǵanlıǵı sebepli járiya etiliw dawamlıǵı uzaqqa barmadı. Onnan qala berse internet tarmaǵınıń kirip keliwide gazeta-jurnallardıń oqımıslı bolıwına keri tásir etti. Ásirese, jas óspirim auditoriyasın ózine tez qamıtıp aldı. Balalar baslımları internet tarmaǵınan óz ornın tawıp, saytlar jaratqan bolsa da unamlı tásir etpedi. Sebebi, onda tek ǵana qısqa maǵlıwmatlardı járiya etedi. Biraq, búgingi kúni balalar baslımlarınıń sanı kem bolıwı óz oqıwshılarınıń talabın qanaatlandıra almay atır.

## ÁDEBIYATLAR


1. Сесенов И.А. «О зарождении Каракалпакской советской печати». «Вестник Каракалпакского фил. Академ. наук УзССР» 1971 г. №4. – 61-62 с.
2. Досумов Я.М. «Очерки истории Кара-Каракалпакской АССР» (1917-1927 гг.). – Ташкент, изд-во Академ. Наук УзССР, 1960. – 294 с.
3. Капустина Г.Л. Современная детская газета как тип издания: автореф. дисс. … канд. фил. наук / Г.Л. Капустина. Воронеж, 2014. С. 4
4. Лазарсфельд П., Мертон Р. Массовая коммуникация, массовые вкусы и организованное социальное действие / пер. с англ. М. М. Макарова // Массовая коммуникация и общество. - М.: Аспект Пресс, 2000. - С. 243-256.
5. «Jetkinshek» gazetasınıń 2007-jıl 26-iyun, 26-(4739) san
6. Капустина Г.Л. Современная детская газета как тип издания. Диссертация на соискание ученой степенны кандидата филологических наук. – Тамбов, 2014. – 42 с.
7. «Jetkinshek» gazetasınıń 2017-jıl 24-iyun, 25-26-(5264) san



*Qoraqalpog'istonda bolalar gazetasining paydo bo'lishi.*

**Rezyume**. Maqolada globallashuv sharoitida bolalar ta'limi va ommaviy axborot vositalarining jamiyat hayotidagi o'rni, xususan, bolalar jurnalistikasining o'rni va ahamiyati, shuningdek, bolalar jurnalistikasi sohasida faoliyat yurituvchi jurnalistlarning ko'nikmalari haqida so'z boradi.


**Tayanch iboralar:** globallashuv, jamiyat, matbuot, bolalar, tipologiya, maqsad, janr, mahorat.


*Появление детской газеты в Каракалпакстане.*

**Резюме.** В статье рассматривается роль детского образования и СМИ в жизни общества в условиях глобализации, в частности, роль и значение детской журналистики, а также навыков журналистов, работающих в сфере детской журналистики.


**Ключевые слова:** глобализация, общество, пресса, дети, типология, цель, жанр, мастерство.


*The emergence of a childreńs newspaper in Karakalpakstan*

**Summary**. This article discusses the role of childreńs education and the media in the life of society in the context of globalization, in particular, the role and importance of childreńs journalism, as well as the skills of journalists working in the field of childreńs journalism.


**Key words:** globalization, society, press, children, typology, goal, genre, skill.